

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Sastra mangrupa prosés kréatif manusa dina ngébréhkeun eusi pikiranana jadi hiji caritaan nu mibanda unsur imajinatif tur pinuh ku ajén éstétik. Hal ieu luyu jeung pamadegan Pradopo dina Isnendes (2009:5) anu nyindekkeun yén sastra téh mibanda sipat imajinatif, basana konotatif, sarta unsur éstétikna dominan. Hal éta ogé nyaluyuan pamadegan Rusyana (1978:7-8) nu nyebutkeun yén sastra téh kagiatan kréatif, kagiatan nyipta, jeung kagiatan seni. Salian ti éta, Pradopo méré gambaran yén karya sastra téh enas-enasna mah mangrupa struktur sistem tanda-tanda anu miboga ma'na (2010: 270). Sastra ogé mangrupa wujud gambaran peradaban masarakat tina kahirupan manusa. Maju-henteuna hiji *peradaban* masarakat katitén tina aprésiasi jeung ngajénan karya sastra anu aya di jamanna.

Sastra Sunda, dumasar kana waktu gelarna dibagi kana dua rupa nyaéta sastra Sunda buhun (klasik) jeung sastra Sunda modern (Koswara, 2011: 2). Génré sastra Sunda buhun diantarana carita pantun, wawacan, sisindiran, kakawihan. Génré sastra modern diantarana sajak, novel, carpon, naskah drama. Nilik kana wangunna, karya sastra dibagi kana tilu wangun nyaéta puisi, prosa jeung drama. Dina ieu panalungtikan, nu dijadikeun bahan panalungtikan nyaéta karya sastra wangun drama.

Aya sawatara karya sastra hususna sastra modern, boh éta carpon, boh novél boh naskah drama anu meunang nyadur tina karya séjén atawa biasa disebut karya saduran. Dina *Kamus Besar Bahasa Indonesia* (KBBI 2008: 1199), saduran (karya sastra) téh nyaéta hasil nyusun jeung ngarobah hiji carita sacara bébas tapi teu matak ngarobah nu jadi gurat badag caritana. Ilaharna, karya sastra nu disadur nyaéta karya sastra deungeun, atawa anu basana béda jeung nu rék disadurna. Dina prosés nyadur teu kudu sarua palebah kecap, bisa dirobah

kalayan bébas tur teu matak ngaleungitkeun nu jadi gurat badag caritana. Nu biasana dirobah dina nyadur leuwih gumantung kana persépsi pangarang nu nyadurna. Bisa waé nu dirobah téh ngaran palaku atawa latarna.

Karya saduran dina wangun prosa kayaning carpon jeung novél kawilang geus loba, kacutat ka béhdieunakeun aya buku kumpulan carpon *Jagat Carita* meunang Hawé Setiawan anu dijerona ngamuat carpon-carpon meunang pangarang dunya siga Mark Twain, Guy de Meussapant, jsb, sedengkeun dina wangun naskah drama masih langka, naskah drama *Meredong* meunang Rosyid E. Abby anu disadur tina naskah drama *Ke* karya Yudhistira ANM Massardi jadi salasihiji naskah pinunjul dina Sayembara Naskah Drama taun 2009 nu dialpukahan ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PPSS), satuluyna éta naskah dipéntaskeun dina Festival Drama Basa Sunda (FDBS) taun 2010 nu diayakeun ku Téater Sunda Kiwari.

Numutkeun Haryamawan, drama asal kecap tina basa Yunani nyaéta *draomai* anu hartina *berbuat, berlaku, bertindak, bereaksi* (Hasanudin, 1996: 2). Jadi drama hartina *perbuatan* atawa *tindakan*. Iskandarwassid (1996:33) nétélakeun yén drama téh nyaéta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon ku dialog, diajengkeun pikeun dilakonkeun ku para pamaén (aktor) dina pagelaran atawa pintonan. Cindekna, drama lain ukur ngawujud dina karya sastra, tapi ogé bisa dipintonkeun atawa dipagelarkeun.

Drama minangka salasihiji génré sastra modérn anu miboga dua diménsi karakter, nyaéta salaku génré sastra jeung seni lakon, seni peran, atawa seni pertunjukkan (Hasanudin, 1996: 1). Anu jadi bahan dina ieu panalungtikan nyaéta drama ditilik dina génré sastrana anu objékna nyaéta naskah drama.

Hiji naskah drama kudu dibaca, dipaluruh katut ditalaah sangkan bisa dipikaharti naon eusi jeung tujuanana, leuwih jauhna bisa dijieun hiji pintonan. Karéréana masarakat, boga anggapan yén drama téh ngan ukur hiji pintonan nu biasa dipagelarkeun di panggung atawa

media, hususna télépisi. Padahal lian ti éta, drama ogé mangrupa génré sastra nu bisa dini'mati sanajan teu dipintonkeun, teu béda jeung carpon atawa novel. Hal ieu dipanglebarkeun sabab dina hiji naskah drama tangtu aya ajén-inajén jeung simbol-simbol anu bisa jadi picontoeun jeung pieunteungeun. Nya salasihijina ku cara neuleuman naskah drama téa ajén-inajén katut simbol-simbol nu aya bisa kaguar. Perelu aya tarékah sangkan hal ieu teu tuluy-tuluyan dilakukeun, salasihijina nyaéta nalungtik naskah drama ku cara nganalisis naskah drama.

Dina karya sastra utamana naskah drama, euyeub pisan ku simbol-simbol jeung tanda-tanda anu mangrupa gambaran rasa, pangalaman, jeung pamikiran pangarang dina hubunganana jeung kahirupan. Kitu deui dina naskah drama *Meredong* nu disadur ku Rosyid. E. Abby tina naskah *Ke* karya Yudhistira ANM Massardi, anu ngandung simbol jeung tanda-tanda anu kudu dianalisis jeung dihartikeun ma'nana sangkan bisa leuwih kaharti. Ku kituna, ulikan anu baris dipaké pikeun ngaidéntipikasi, ngadéskripsikeun, jeung nganalisis naskah drama "Meredong" nyaéta ulikan sémiotik anu nyoko kana tanda.

Numutkeun Nurgiantoro (1998: 40) tanda téh nyaéta hiji hal anu ngawakilan hal séjén anu bisa mangrupa pangalaman, rasaan, sawangan jrrd. Cindekna, tanda téh lain ngan ukur basa, tapi sagala hal nu aya di sabudeureun ieu kahirupan. Sanajan tiori nu dipaké nganalisis *Meredong* maké ulikan sémiotik, tapi struktur otonom karya sastrana ogé kudu dianalisis lantaran ngulik jeung ngama'naan karya sastra maké tiori naon waé ogé angger struktur otonomna mah kudu dianalisis sangkan ma'na nu aya dina hiji karya sastra bisa leuwih écés tur kaharti. Lian ti éta, sémiotik mangrupa kamekaran tina pamarekan strukturalisme (Pradopo 2010: 11). Anu hartina strukturalisme teu bisa dipisahkeun tina sémiotik lantaran karya sastra mangrupa struktur tanda jeung ma'na, tanda éta sorangan moal bisa dihartikeun ma'nana sacara optimal upama strukturna teu dianalisis.

Anapon nu jadi kasang tukang dipilihna naskah drama *Meredong* pikeun objék panalungtikan lantaran nu ngulik ngeunaan sémiotik dina naskah drama kaitung langka. Katambah ieu naskah kaasup naskah drama saduran nu kaitung langka dina jagat sastra Sunda anu euyeub pisan ku simbol-simbol jeung tanda-tanda anu miboga ma'na anu mundel pisan pikeun kahirupan manusa. Cindekna, simbol-simbol jeung tanda-tanda dina naskah *Meredong* téh kudu dianalisis jeung dihartikeun ma'nana sangkan naskah drama ieu téh bisa kanyahoan eusi jeung tujuanna kalayan écés

Di Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah anu ngulik maké pamarekan sémiotik kaitung loba, tapi réréana kana novél atawa carpon, nu kana naskah drama mah jarang. Kacutat nu ngulik naskah drama maké tiori semiotik nyaéta: Sandi Setiawan Sentosa (2010) judulna *Kajian Semiotik Dina Naskah Drama Jeblog Karya Nazarudin Azhar*.

Dumasar kana tinimbangan-tinimbangan nu aya jeung sangkan leuwih ngajembarkeun deui panalungtikan karya sastra dumasar kana struktural-sémiotik hususna dina naskah drama, baris diayakeun panalungtikan anu objékna naskah drama anu judulna *Meredong* karya Rosyid E. Abby saduran tina naskah drama *Ke* karya Yudhistira ANM Massardi. Ieu skripsi dijudulan *Analisis Naskah Drama Meredong Karya Rosyid E. Abby Saduran tina Naskah Drama Ke Karya Yudhistira ANM Massardi* perelu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Watesan masalah miboga peran anu penting pikeun panalungtik sangkan puguh garapeunana tur teu méngpar tina tujuan nu geus dirancang saméméhna.

Dina nalungtik naskah drama *Meredong* baris diwatesanan ulikan sémiotik dumasar tiori Charles Sander Pierce, anu nyoko kana patali kaayaan jeung wangun dasarna anu ngawengku:

1. *Ikon*, tanda anu nunjukkeun ayana hubungan anu sipatna alamiah antara pananda jeung petandana.
2. *Indéks*, hubungan kausal diantara répréséntamén jeung objékna.
3. *Simbol*, hubungan antara penanda jeung petanda dina sipatna nu arbitrér.

Ieu dumasar kana kana tinimbangan yén unsur poko anu fundamental tina semiotik téh nyaéta tilu unsur tadi.

1.2.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana watesan diluhur, nu nyusun ngarumuskeun masalah saperti ieu:

1. kumaha struktur drama anu aya dina naskah drama *Meredong* karya Rosyid E. Abby anu ngawengku, téma, fakta carita (tokoh, setting, alur), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa), jeung unsur drama (prolog, dialog, pembabakan adegan, wawancang, solilokui, aside, epilog)?,
2. aspék sémiotik (Ikon, indéks jeung simbol) naon baé nu nyangkaruk tina naskah drama anu ditalungtik?

1.3 Tujuan jeung Mangpaat Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Panalungtikan

1.3.1.2 Tujuan Umum

Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun karya sastra, hususna naskah drama dumasar kana struktur pangwangunna naskah drama, anu satuluyna diulik sacara sémiotik.

1.3.1.2 Tujuan Husus

Tujuan husus ieu panalungtikan nyaéta ieu dihandap.

1. Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun struktur drama anu ngawengku téma, fakta carita (tokoh, setting, alur), jeung sarana sastra (puseur implengan, gaya basa), jeung unsur drama (prolog, dialog, pembabakan adegan, wawancang, solilokui, aside, epilog) anu aya dina naskah drama *Meredong* Karya Rosyid E. Abby.
2. Ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun unsur-unsur sémiotik (ikon, indéks, jeung simbol) tina naskah drama anu ditalungtik.

1.3.2 Mangpaat Panalungtikan

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat pikeun nambahan pangaweruh ngeunaan sastra, boh tiorina boh ulikanana. Mangpaatna kabagi jadi dua nyaéta mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

1.3.2.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa méré sumbangan élmu pangaweruh dina hal kasusastraan, hususna ngeunaan neuleuman hiji naskah drama.

1.3.2.2 Mangpaat Praktis

Ieu panalungtikan dipiharep miboga mangpaat praktis saperti di handap ieu.

1. Pikeun méré informasi yén drama ogé bisa diulik tina jihat sastrana, lain ngan ukur tina jihat pertunjukanna.
2. Méré informasi kumaha nganalisis karya sastra dina wangun naskah drama dumasar kana struktur pangwangunna.
3. Pikeun méré gambaran kumaha nganalisis atawa ngulik karya sastra hususna naskah drama *Meredong* maké ulikan sémiotik.
4. Pikeun para mahasiswa jurusan sastra, ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun bahan bacaan boh tiorina boh ulikanana.

1.4 Wangenan Istilah

Istilah-istilah nu perelu dipedar dina ieu panalungtikan nyaéta:

1. naskah drama nyaéta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon ku dialog, diajengkeun pikeun dijieun hiji pintonan.
2. kajian sémiotik nyaéta panalungtikan anu nyoko kana tanda-tanda jeung simbol-simbol kaasup sastra anu karya sastrana make medium basa. Dina sémiotik medar kumaha dipakéna tanda atawa simbol, jeung kumaha tanda atawa simbol éta dipakéna.
3. meredong: poék mongkléng. Dina ieu naskah drama hartina nunjukkeun kahirupan anu jauh tina kahadéan anu balukarna papada jalma silih maténi sabab akalna geus poékkeun katutup ku hawa napsu.

1.5 Anggapan Dasar

Anggapan dasar nurutkeun Surakhmad (1998:28) nyaéta asumsi nu jadi cecepengan dina sakabéh pandangan tina kagiatan kana masalah nu keur disanghareupan. Ku kituna, ieu panalungtikan mibanda sababaraha anggapan dasar, nyaéta:

1. naskah drama *Meredong* mangrupa karya sastra;
2. drama bisa dianalisis unsur-unsur caritana;
3. dina naskah drama *Meredong* euyeub ku tanda jeung simbol nu bisa dianalisis dumasar ulikan sémiotik.

1.6 Méthode Panalungtikan

Méthode anu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta méthode *déskriptif analisis*. Luyu jeung Ratna (2011:53) anu nétélakeun yén méthode *déskriptif analitis* téh nyaéta méthode anu

ngadéskriftifkeun fakta-fakta anu satuluyna disusul ku cara nganalisis. Prosedur anu dilakonan tina métode déskriftif ngawengku (a) analisis, (b) interprétasi, jeung (c) évaluasi.

1.7 Sumber Data Panalungtikan

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Meredong* karya Rosyid E. Abby saduran tina naskah drama *Ke* karya Yudhistira ANM Massardi.

